



Re-ouvèti New York

Lis Enstwiksyon pou Agrikilti Ki Pa Alimantè yo Pou Patwon Travay ak Anplwaye yo

Lis enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè yo nan rejyon New York yo ke yo te bay pèmision pou yo [retounen ouvri](#), ansanm ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo toupatou nan Eta a ki anvan sa te gen pèmision pou yo fonksyone kòm yon biznis ki esansyèl.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout biznis agrikilti yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

Obligatwa

Distans Fizik

- ✓ Asire yon distans 6 pye ant pèsònèl yo, amwens ke sekirite oswa fonksyon prensipal nan aktivite travay yo mande yon distans ki pi kout.
- ✓ Nenpòt lè pèsònèl yo a mwens ke 6 pye youn de lòt, pèsònèl yo dwe mete yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo.
- ✓ Pou nenpòt travay ki ap fèt deyò yo, limite prezans mendèv yo pou yo pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib yo pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, ki eskli sipèvizè yo nan kalkil sa a, amwens ke yon etablisman bezwen plis anplwaye pou ka byen jere fonksyon prensipal yo (pa egzanp, atelye reparasyon ekipman yo, espas estokaj ak kote yo bay manje yo) epi mete sou pye estrateji rediksyon adisyonèl (pa egzanp, toujou mete mask pou kouvri figi yo).
- ✓ Espas piti ki kwense yo (pa egzanp, espas estokaj materyèl, ekipman, ak bòdi yo, atelye reparasyon ekipman yo, espas kote yo pran swen zannimo/ bay yo manje, veyikil yo) ta dwe gen sèlman yon sèl moun alafwa, amwens ke tout okipyan yo mete mask ki kouvri figi yo. Si yo gen plis pase yon sèl moun, kenbe kantite moun yo mwens pase 50% kapasite maksimòm lan.
- ✓ Poste makè distans sosyal yo apati itilizasyon tep oswa siy yo ki endike espas 6 pye yo nan espas ke moun itilize souvan yo ak nenpòt lòt zòn ki aplikab yo nan espas la (pa egzanp, ekiri, espas evalyasyon sante yo).
- ✓ Limite rasanbleman an pèsòn yo pi plis posib epi itilize konferans nan telefòn oswa videyo lè sa posib. Rasanbleman an pèsòn ki esansyèl yo (pa egzanp, reyinyon yo) ta dwe fèt nan espas ki laj, ki byen ayere epi ki gen distans sosyal ki apwopriye ant patisipan yo.
- ✓ Yo dwe fè aktivite kote moun ka gade cheval yo ak lòt zannimo yo ki pou vann/fè pitit, leson, ak monte cheval a lwe yo dwe fèt nan yon arèn oswa espas deyò, sou randevou sèlman, epi pandan n'ap adere a distans sosyal estrik 6 pye ant kliyan ak anplwaye yo.

Pi Bon Pratik yo Rekòmande yo

- ✓ Kreye espas adisyonèl pou anplwaye yo lè n'ap limite prezans an pèsòn yo a sèlman pèsònèl ki nesèsè pou aktivite aktyèl yo, ajiste orè travay yo nan espas travay yo, dekale tan arivaj/depa yo, kreye ekip A/B yo, epi/ oswa pwograme sèlman yon sèl ekip nan yon zòn alafwa.
- ✓ Redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo lè n'ap poste siy ak flèch yo nan koulwa, koridò, oswa espas ki kwense yo.
- ✓ Modifye itilizasyon ak/oswa limite kantite espas travay ak zòn kote anplwaye yo chita pou ka kenbe distans 6 pye a epi evite divès ekip ak/oswa gwoup ki ap travay nan yon sèl zòn. Si sa pa posib, bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi yo oswa mete baryè fizik yo (pa egzanp, mi baryè an plastik), konfòmman a [lis enstwiksyon Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl \(Occupational Safety and Health Administration \(OSHA\) yo](#), nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.
- ✓ Konsidere apwòch altènatif pou fasilite lavant dirèk pwodwi agrikòl ki pa alimantè yo. Opsyon altènatif yo ka gen pami yo kòmand sou entènèt, oswa lòt solisyon acha kreyatif yo, ak kote moun ka pase pran atik yo nan espas pakin tèren endistriyèl/pepinyè yo.
- ✓ Asire nou ke nenpòt sèvis ki bezwen enstalasyon, etiketaj, pwospeksyon, ak rekòt yo fèt sou randevou sèlman epi ak entèraksyon minim ak kliyan yo.
- ✓ Fè lavant yo deyò, adere a distans sosyal estrik 6 pye ant kliyan ak anplwaye yo. Kliyan yo pa gen pèmision pou yo depanse yon gwo sòm lajan eksèsif tou pre tab oswa etalaj plant yo.
- ✓ Fè anplwaye yo travay lakay yo lè sa posib.



Re-ouvèti New York

Lis Enstwiksyon pou Agrikilti Ki Pa Alimantè yo Pou Patwon Travay ak Anplwaye yo

Lis enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè yo nan rejyon New York yo ke yo te bay pèmision pou yo [retounen ouvri](#), ansanm ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo toupatou nan Eta a ki anvan sa te gen pèmision pou yo fonksyone kòm yon biznis ki esansyèl.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout biznis agrikilti yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi Bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli zòn ke yo te chwazi pou pase pran ak pou livrezon atik yo, sa ki ap limite kontak yo nan mezi ki posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl yo nan espas la.
Ekipman pou Pwoteksyon yo	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Patwon travay yo dwe bay anplwaye yo mask pou kouvri figi ki akseptab yo ki gratis pou anplwaye yo, epi yo dwe gen yon bon jan apwovizyonman mask pou kouvri figi yo nan ka ke yo bezwen yon ranplasman. ✓ Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanz, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula) ak mask chirijik yo, amwens ke tip travay yo mande yon Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki pi estrik (pa egzanz, respiratè N95 yo, mask pwoteksyon figi yo). ✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo oswa lè yo kraze oswa sal, yo pa ka pataje yo, epi yo ta dwe byen konsève oswa jete yo. ✓ Limite pataje atik yo (pa egzanz, charyo elevatè, materyèl pou fè kòmand yo) epi dekouraje moun manyen sifas komen yo; oswa, mande yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo an kontak ak atik komen oswa espas moun manyen souvan yo; oswa, dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak yo. 	
Ijyèn ak Netwayaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo. ✓ Bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo pou pèsonèl yo, ki enkli lave men yo ak savon, dlo, ak sèvyèt papye yo, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl oswa pi plis pou espas kote li pa posib pou moun lave men yo. ✓ Bay epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl netwayaj/ dezenfeksyon yo anvan ak apre yo fin itilize sifas komen epi ke moun manyen souvan yo, epi apre fè ijyèn pou men yo 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Lè sa posib, ogmante ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanz, ouvri pòt ak fenèt yo), pandan ke n'ap kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo pote pwòp manje ki soti lakay yo epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.



NEW YORK STATE

Re-ouvèti New York

Lis Enstwiksyon pou Agrikilti Ki Pa Alimantè yo Pou Patwon Travay ak Anplwaye yo

Lis enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè yo nan rejyon New York yo ke yo te bay pèmision pou yo [retounen ouvri](#), ansanm ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo toupatou nan Eta a ki anvan sa te gen pèmision pou yo fonksyone kòm yon biznis ki esansyèl.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout biznis agrikilti yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi Bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn ak Netwayaj (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye omwen apre chak orè travay, chak jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè epi fè netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou sifas ak atik moun pataje yo (pa egzanp, zouti, machin, pano kontwòl, ak konsòl yo), ansanm ak kote ki gen anpil sikilasyon yo, tankou twalèt ak espas komen yo. ✓ Yo ta dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas la, sifas komen yo, ak lòt espas yo, ansanm ak ekipman ak zouti yo, lè yo ap itilize pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral la (Environmental Protection Agency, EPA) te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19. ✓ Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin yo, pèsònèl yo ta dwe gen aksè a yon espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa bay yo gan ke yo ka jete. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo). 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Deklare ke ou te revize epi konprann lis enstwiksyon endistri yo ke eta a te pibliye, epi ke ou pral aplike yo. ✓ Poste afichaj toupatou nan espas la pou raple pèsònèl yo pou yo adere a règ sou bon jan ijyèn, distans sosyal yo, itilizasyon PPE ki apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak yon mwayen ki konsistan pou bay dènye enfòmasyon yo. ✓ Konsève yon dosye pèmanan sou chak moun, ki enkli travayè ak vizitè yo, ki ta ka an kontak tou pre lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la; sa pa enkli livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. ✓ Fòme tout pèsònèl yo sou nouvo pwotokòl yo epi kominike souvan lis enstwiksyon sekirite yo. ✓ Si yon travayè te teste pozitif pou COVID-19, patwon travay yo dwe enfòme depatman sante lokal ak eta a imedyatman epi kowopere ak yo nan kad efò trasaj kontak yo, ki enkli enfòme kontak potansyèl yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak tou pre ak moun nan, pandan ke yo ap kenbe konfidansyalite jan lalwa ak règleman federal ak eta yo mande sa. ✓ Afiche byen klè plan sekirite konplè yo nan espas la. 	



NEW YORK STATE

Re-ouvèti New York

Lis Enstwiksyon pou Agrikilti Ki Pa Alimantè yo Pou Patwon Travay ak Anplwaye yo

Lis enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite agrikilti ki pa alimantè yo nan rejyon New York yo ke yo te bay pèmision pou yo [retounen ouvri](#), ansanm ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo toupatou nan Eta a ki anvan sa te gen pèmision pou yo fonksyone kòm yon biznis ki esansyèl.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout biznis agrikilti yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite agrikilti ki pa alimantè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

Obligatwa

Evalyasyon yo

- ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete oswa retounen lakay yo, si yo te vin tonbe malad nan travay la.
- ✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa yo (pa egzanp, kesyonè, evalyasyon tanperati yo) anvan ke anplwaye yo kòmanse travay chak jou pou (1) moun ki te gen [sentom](#) COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, (2) moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, ak/oswa (3) moun ki te an kontak ak yon moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo. Yo dwe revize repons evalyasyon yo chak jou epi yo dwe dokimante revizyon sa a.

Yo ta dwe voye lakay yo anplwaye ki gen sentom COVID-19 yo pou yo ka kontakte founisè swen sante yo pou ka fè evalyasyon ak tès medikal pou COVID-19. Si yo te teste pozitif, anplwaye a ka sèlman retounen nan travay la apre yo fin konplete yon karantèn pwòp tèt yo pandan 14 jou.

Anplwaye ki pa gen sentom yo men ki te teste pozitif pandan 14 dènye jou ki sot pase yo ka sèlman retounen nan travay la apre yo fin konplete yon karantèn pwòp tèt yo pandan 14 jou.

Anplwaye ki te gen kontak tou pre yon moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 men ki pa santi sentom yo ta dwe enfòmè patwon travay yo epi yo ka petèt travay ak prekosyon adisyonèl, ki enkli sipèvizyon regilye pou sentom ak tanperati yo, mande pou yo toujou mete mask ki kouvri figi yo, ak distans sosyal ki apwopriye de lòt moun yo.
- ✓ Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon sou plas yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke patwon travay yo te idantifye kòm moun ki famiyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo, epi yo dwe mete ekipman PPE ki apwopriye, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo.
- ✓ Kreye yon plan pou fè netwayaj, dezenfeksyon, ak trasaj kontak yo nan ka ke gen yon ka ki pozitif.

Pi Bon Pratik yo Rekòmande yo

- ✓ Fè evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke travayè yo vin nan espas la, nan mezi sa posib.